# ТАЎЛАМАШЫЛЫҚ ЖЫНАЯТЫНЫҢ УЛЫЎМА ТҮСИНИГИ ХӘМ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ.

**Азбергенова Мунира Чаржаўвна**
*ҚДУ талабаси*
**Шамшетова Зулхумар караматдинвна**
*ҚДУ талабаси*

**Аннотатция:** *Бул мақалада таўламашылық жынаят ҳаққында толық мағлыўмат берилген ҳәм соңғы жыллардағы жынаятлар статистикасы мағлыўматлары анализ етилген. Таўламашылық жынаятын ислеген шахслардың жуўапкершилик мәселелери ҳаққында де боълек талқылаўлар алып барылған.*

**Гилт сөзлер:** *Таўламашылық жынаяты ҳаққында статистикалық мағлыўматлар, жуўапкершиликке тийкар болыўы мүмкин болған жағдайлар, жуўапкершилик мәселелери, жынаят кодексиниң тийисли статиялары, таўламашылық жынаятының субйекти ҳәм объекти.*

Кейинги ўақытларда таўламашылық жынаяты куннен кунге көбейип баратырғаны сыр емес. Бул болса өз нәўбетинде дунья жузлик глабалласыў менен байланыслы болып есапланады. Сондай-ақ, глабалласыў тезлескени, кең көлемге ийе болып барғаны сыяқлы таўламашылық жынаятынында жаңа түрлери ҳәм усылларында жынаят нызамшылығына киритилиў зәрурлигин келтирип шығармақда.

Статистикалық мағлыўматларға көре, соңғы жылларда республикамызда таўламашылық жынаятлары саны асқанын көриўимиз мукин. Атап айтқанда, 2019 -жылда 163 ис (251 шахсқа қарата ), 2020 -жыл 145 ис (208 шахсқа қарата), 2021-жылда 234 ис (355 шахсқа қарата ) жынаят ислери көрип шығылған [2].

Таўламашылық дегенимиз жәбирлениўши ямаса оның жақынларына зорлық ислетиў, мулкке зиян жеткизиў ямаса оны набыт қылыў яки жәбирлениўши ушын сыр сақланыўы керек болған мағлыўматларды жарыялаў менен қорқытып өзгениң мулкни ямаса мүлкшилик ҳуқықты тапсырыўды, мүлкшилик мәплер бериўди яки мүлкшилик тәртиптеги ҳәрекетлер ислеў яки жәбирлениўшини өз мүлки ямаса мулкке болған ҳуқықын бериўге мәжбүр ететуғын жағдайға салып қойыў бодып есапланады. Деген менен ҳәзирги раўажланыў шараятында бул тусиник таўламашылық жынаятының толық мәнисин ашып бермеўин гузетиўимиз мумкин бул болса әмелиятта бир қатар машқалаларды жузеге келтириўи мумкин.

Усы мунасәбет пенен Өзбекстан Республикасы Президенти Ш. Мирзиёевтың 2018-жыл 14-майдағы "Жынаят ҳәм Жынаят-процессуал

нызамшылығы системасын туптен жетилистириў шаралары ҳаққында" ғы ПҚ-3723-санлы қарарында Жынаят кодексинде қолланылатуғын термин ҳәм түсиниклерге олардың мазмунына көре анық анықлама бериў ҳәм бирден-бир формада қоллаў арқалы жетилистириў зәрүрлиги белгилеп алынды [3].

Себеби жынаят нызамы атамаларынын бир мәнисте ҳәм формада қолланыўы жынаятты туўры квалификация етиў ҳәм оған жаза тайынлаўда әҳмийетли болып есапланады. Бул ҳаққында алым Ш. Л. Монтескъён да өз пикирлеринде "нызамда түсиниклер анық болыўы, ҳәр түрлы тусиндирилиўиниң алдын алыў лазым екенлигин" айтып өткен еди.

Усы мунасәбет пенен таўламашылық жынаятының диспозициясына өзгерис киритилди ҳәмде Жынаят кодексиниң 165-статьясы биринши бөлиминиң диспозициясы төмендегише баян етилди :

«Таўламашылық яғный жәбирлениўши ямаса оның жақынларына зорлық ислетиў, мулкке зиян жеткизиў ямаса оны набыт қылыў яки жабрлениўшиниң ахпарат-хабар ресурын жоқ қылыў, өзгертиў, алып қойыў ямаса тосып қойыў яки оның абыройына зыян жеткеретуғын жалалар тарқатыў менен қорқытыў, жәбирлениўши ушын сыр сақланыўы керек болған мағлыўматларды жарыялаў менен қорқытып өзгениң мулкнин ямаса мүлкшилик ҳуқықты тапсырыўды, мүлкшилик мәплер бериўди яки мүлкшилик тәртиптеги ҳәрекетлер ислеўди талап етиў яки жәбирлениўшини өз мүлки ямаса мулкке болған ҳуқықын бериўге мәжбүр ететуғын жағдайға салып қойыў» деп белгиленип қойылды.

Бул тәризде тауламашылық жынаятының белгилениўи суд әмелиятында жузеге келетуғын тусинбеўшиликлердиң алдын алыўға, жынаят-ҳуқықы нормаларының туўры ҳәм анық қолланыўына имканият жаратады.

Таўламашылық жынаяты қурамалы қурамлы жынаят болып есапланады. Бул жынаятты туўры қурамға ажыратыў жынаят нызамшылығында жуда аҳмийетли болып есапланады.

Таўламашылық жынаятының қурамлық бөлимлерине тоқталатыуғын болсақ таўламашылық жынаятының объекти тийкарғы объект, тийкарғы тиккелей объект ҳәм қосымша объектлерден ибарат, таўламашлық жынаятының субъекти он төрт жасқа толған ақлы путин шахс, сондай-ақ таўламашылық жынаяты уш бөлимнен ибарат болған қурамалы қурамлы жынаят болып табылады.

Таўламашылық жынаятының тиккелей тийкарғы объекти дегенимиз бул талан-тараж етилип атырған мал-мулкти тәртипке салыўға қаратылған жәмийетлик мунасәбетлер есапланады. Ал, тиккелей қосымша объекти таўламашылық нәтийжесинде ҳүжим қаратылған жәбирлениўшиниң нызам менен қорғалатуғын жеке ҳуқықлары есапланады. Таўламашылықтың қосымша объекти болса айыпкер тәрепинен қолланылатуғын рухый зорлықтың характери менен саўлелендириледи. Мысалы, зорлық ислетиўде

қолланылатуғын қаўипте пуқараның денсаўлығын тәмийинлеўге қаратылған, жәбирлениўшиниң сыр сақланыўын қәлейтуғын жеке қол қатылмаслығы, қәдир-қымбатын кемситетуғын мағлыўматларды жарыялаў менен байланыслы жәмийетлик мунасәбетлерде көриниўи мумкин. Улыўма айтқанда таўламашылыктын объекти биринщиден бул мал- муликке, шахстын өмирине хәмде жабирлениушиниң нызам менен қорғалатуғын хуқуқ хәм мәплерине зыян жеткериуге қаратылган хәрекетлер.

Таўламашылык жынаятынын объектив тәрепи дегенимиз таўламашылық жәбирлениўши ямаса оның жақын адамларына зорлық ислетиў, мулкке зиян жеткизиў ямаса оны набыт қылыў яки жәбирлениўши ушын сыр сақланыўы керек болған мағлыўматларды ашық жарыялаў менен қорқытып өзгеден мулкти ямаса мүлкшилик хуқуқни тапсырыўды, мүлкшилик мәплер бериўди яки мүлкшилик тәртиптеги ҳәрекетлер ислеўди талап қылыў яки жәбирлениўшини өз мүлки ямаса мулкке болған ҳуқықын бериўге мәжбүрететуғын жағдайға салып қойыўда аңлатылады.

Яғний, объектив тәрептен таўламашылық айыпкердиң мал-мүлклинен биле турып, нызамсыз түрде өзине ямаса ол көрсеткен шахсларға арнаўлы бир мулкти, мулкке болған ҳуқықты тапсырыўды, мүлкшилик мәплер бериўди ямаса олар пайдасына арнаўлы бир мүлкшилик тәртиптеги ҳәрекетлер ислеўди талап етиўди аңлатылады ҳәм ол өз талапларын төмендеги ҳәрекетлер арқалы әмелге асырады :

- зорлық ислетиў менен қорқытыў.

Бунда қорқытыў өз ишине жәбирлениўшини өлтириў, денесине зиян жеткизиў, ар-намысына тийиў ҳәм басқа түрдеги ҳәрекетлерди ислеў менен қорқытыўды өз ишине алады ;

- мулкке зиян жеткизиў ямаса оны набыт қылыў менен қорқытыў.

Бунда мүлк мүлк ҳуқықы ямаса басқа материялиқ ҳуқықлар тийкарында жәбирлениўшине ямаса оның жақын адамларына тийисли болыўы мүмкин;

- мағлыўматларды жарыялаў менен қорқытыў.

Бунда бул мағлыўматларды жәбирлениўши ямаса оның жақынлары сыр сақлаўды қәлейди. Объектив тәрептиң бул белгиси бойынша квалификация етиў жәбирлениўши ямаса оның жақынлары усы мағлыўматларды сыр сақлаўға ҳәрекет етип атырғанлықларын, оны жарыялаў менен қорқытыў болса айыплы тәрепинен қандайда -бир мулкти ийелеў ушын пайдаланып атырғанлығын анықлаў зәрүрли;

- жәбирлениўшини мүлки ямаса мулкке болған ҳуқықын бериўге мәжбүр ететуғын шараят жаратыў менен байланыслы болып есапланады.

Таўламашылық жынаятында қорқытыўға төмендеги белгилер тән:

➢ өз мазмунына көре ол жағдайда жәбирлениўши ямаса оның жақын адамларына зорлық ислетиў, мулкке зиян жеткизиў ямаса оны набыт қылыў

яки олар сыр сақлаў керек деп тапқан мағлыўматларды жарыялаў нийети билдирилген болыўы, яғный жәбирлениўшин қорқытыў, ерк-ықрарын сөндириў қуралы болыўы керек;

- қаўип реал, яғный егер жәбирлениўши таўламашылардың талапларын орынламаса, қәўип әмелге асырылыўы мүмкинлигинен билиўи керек. Қорқытыўдың өзгешелиги, усылы, орны ҳәм ўақты, таўламашының шахсы, оның алдынғы турпайы қорқытыўдың реаллығынан дәрек береди;
- қорқытыў келешекте (дарҳал ямаса талапты орынлаўдан бас тартқанлық ушын ) әмелге асырылыўға каратылған болады. Сол себепли де бул жынаяттың қурамы ушын айыпкердиң ҳақыйқатан да өз нийетин әмелге асырмақшы болған -болмағанлығы әҳмиетли болып есапланады.

Таўламашылық өзениң мүлкин ямаса мулкке болған хуқықын тапсырыў, мүлкшилик мәплер бериў яки мүлкшилик тәртиптеги ҳәрекетлерди ислеў талап етилген ўақыттан баслап тамамланган есапланады. Таўламашлық жынаятынын тамамланған деп табыў ушын айыпкерге мүлк ямаса мулкке болған ҳуқықтың тапсырылғанлығы аҳмийетке ийе емес.

Егерде жоқарыда айтып өтилген таўламашылық жынаятының объектив тәрепи исленгенде жынаятты квалификация етилгенде 165-статья 1-бөлими менен квалификация етиледи. Ҳәмде уш жылдан бес жылға шекем еркинликти шеклеў яки уш жылдан бес жылға шекем еркинен айырыў менен жазаланады.

Субъектив тәрептен таўламашылық туўры қаст пенен исленеди. Бунда айыпкер жәбирлениўшинен мал-мулкни ямаса мулкке болған ҳуқықты өзине ямаса басқа шахсқа бериўди қорқытыў менен талап етиўи тийкарланбағанлығы ҳәм нызамсызлығын бидиреди. Айыпкер ғәрезли мотивларға әмел етеди ҳәм буйымларды нызамға қарсы түрде қолға киргизиў мақсетин көзлейди.

Жынаяттың субъекти 14 жасқа толған, ақлы путин физикалық шахс болып табылады. Бул жынаяттын субекти он торт жас етип белиглениўи усы жынаяттын обектив тарепинин орынлаўда өз ис харекетлерине жуўап бере алатуғынлығы хамде өз карекетлерин аңлай алағанлығы ушын субъекттиң жас шегерасы ретинде белгиленип койлығанлығын көриўимиз мумкин.

165-статьяның 2-бөлиминде:

а) тәкирараран ямаса қәўипли рецидивист тәрепинен;

б) көп муғдарда;

в) бир топар шахслар тәрепинен алдынан тил бириктирип таўламашылықислениўи ушын жуўапкерлик нәзерде тутылған.

Тәкирараран таўламашылық ислеў дегенде, шахстың еки ямаса одан көп рет таўламашылық ислегенлиги, бирақ олардың ҳеш-бири ушын да судланбағанлығы тусиниледи. Биринши таўламашлық тамам болған яки жынаятқа таярланыў ямаса қастыянлық етиў басқышында тоқтатылған ямаса

қатнасыўшылықта исленген болса, таўламашылық тәкирараран исленген деп есапланады.

Егер алдын исленген таўламашылық ушын шахс нызамда белгиленген тәртипте жынайый жуўапкершиликтен ямаса жазадан азат етилген болса, таўламашылық тәкирараран әмелге асырылған. деп есаплагбайды. Егер жаңа таўламашылық исленген ўақыттқа дейин айыпланған судланғанлығы нызамда белгиленген тәртипте алып тасланған ямаса бийкар болған айыплы шахсты жынайый жуўапкерштликке тартыў мүддети өткен ямаса алдын исленген таўламашылық ушын жуўапкерштлик амниция акти ямаса апиў етиў тийкарында алып тасланған болса жынаят тәкирарий исленген болмайды.

Егер талан-тараж етилген мал-мулк муғдары базалық есаплаў муғдарының уш жуз есесинен бес жуз есесине шекем муғдарда болса, көп муғдарда таўламашылық исленген деп есапланады.

Бир тапар шахслар тәрепинен алдыннаан тил бириктирип таўламашылық жынаятын ислеў ушын алдыннан тил бириктирген шахслар топары қурамына таўламашылықты ислеўге мәслаҳәтлары, жол-жобалары, жынаятты ислеў қураллары ҳәм қуралларын берип турыў менен көмеклескен шахслар емес, бәлким ҳүжимде тиккелей қатнасқан орынлаўшылар ғана  кириўи белгиленип қойылған.

Қылмысты ЖКниң 165-статьясы 2-бөлими «в» банди менен квалификация етиўде,, қаўипти әмелге асырған шахс ғана таўламашылықтың орынлаўшысы есапланады. Бунда басқа шахслар таўламашылық жынаятың жәрдемшилери болып есапланады.

165-статьяның екинши бөлиминиң объектив тәрепи орынланса бес жылдан он жылға шекем ерктнен айырыў  менен жазаланады.

ЖКниң 165-статьясы 3-бөлиминде:

а) жүдә көп муғдарда ;

б) оғада қәўипли рецидивист тәрепинен;

в) бирлескен топар  тәрепинен ямаса оның мәплерин гөзлеп таўламашылық ислениўи ушын жуўапкершилик нәзерде тутылған.

Егер талан-тараж етилген мал-мүлк муғдары базалық есаплаў муғдарының бес жүз есесине ҳәм одан көп болса, жүдә көп муғдарда исленген, деп есапланады. Бул жағдайда жеткерилген зыян муғдарын анықлаў қағыйдалары көп муғдарда талан-тараж қылыў муғдарын анықлаў қағыйдалары менен бирдей, яғный зыян муғдары  експертиза жәрдеминде яғный арнаўлы қәнийге тәрепинен анықланыўы керек.

165-статья ушинши бөлими б-банди менен жуўапкершиликке тарыў  ушын шахс қәўипли редцидивит деп табылган болыўы керек ҳәм

Таўламашылық жынаятын ислеўде бирлескен топардың турақлылық белгиси көбинесе топар жынайый искерлигиниң даўам етиў ўақтында, оның

жынайый қәнигелестирилгенлигинде, искерлик тараўының басқа сол сыяқлы топарлар менен бөлистирилиўинде, ҳәр бир ағзасының ўазыйпалары анық бөлингенлигинде (шөлкемлестириўши, баслық), ынтызам, жынайый искерликти мәлим бир ўақыт шеңберинде жойбарлаўда аңлатылады.

Бирлескен топарды ол ямаса бул жәмийетлик қәўипли қылмысты ислеў яки олардың әмелге асыўы ушын қолай шараят жаратыўшы жағдайларды бирлескен топар мәплери белгиси ретинде түсиниў керек. Топар мәпелери, мысалы, тавар-материаллық байлықлар сақланып атырған орын ҳаққында мағлыўмат бериў сыяқлылар болыўы мүмкин.

Қылмысты бирлескен топар мәплерин гөзлеп әмелге асырылған деп табыў ушын Суд-тергеў шөлкемлери төмендеги еки белгиниң бар екенлигине итибар бериўи зәрүр :

Биринштден, айыпкер өзи тәрепинен исленген жынаятлар. Бунда тийкарынан, айыпкер тәрепинен бирлескен топар мәплерин, кейининен өзиниң субъектив мәплерин гөзлеп әмелге асырыў ушын ислегенлигин түсиниўи керек:

Екиншиден, бирлескен топар ағзалары ямаса оның шөлкемлестириўшиси айыпкер тәрепинен жынаят топар мәплерин гөзлеп ислегенлигин анық билиўи керек [6].

165-статьяның ушинши бөлими объектив тәрепи орынланса айыпкер он жылдан он бес жылға шекем еркинен айырыў менен жазаланады

Жуумаклап айтатугын болсак, Мәмлекетимизде әмелге асырылып атырылған суд-ҳуқық тараўындағы реформалардың баслы мақсети биринши нәўбетте халық пәраўанлығын тәмийнлеў, жәмийетте әдалат ҳәм демократия принциплериниң үстинлигин тәмийинлеўге қаратылған болып есапланады. Таўламашылық жынаяты болса мулikke қарсы ғәрезли жынаятлардан бири болып есапланады. Таўламашылықтың жәмийетлик қәўиплилиги оның тек ғана мулiкшиликке емес, соның менен бирге муликшилик мәплерине қәўип салыўы себепли ҳәзирги ўақытта жудә актуал болып бармақта. Сонын ушында усы тарауда жаза сиситемасын еледе жетилстириуимиз зарур.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН АДЕБИЯТЛАР:

1. сайт жиноят 2023 йиллик.pdf (sud.uz)
2. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят ва жиноят-процессуал қонунчилигини такомиллаштириш Концепцияси Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2018 йил 14 майдаги ПҚ-3723-сон қарорига1-ИЛОВА https://lex.uz/docs/3735818 (Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси 01.10.2018 й., 06/18/5547/1975-сон)

3. Очилов Х.Р. Хайдаров Ш.Д., Шамсидинов 33 Жиноят ҳуқуки" (Умумий қисм) Укув Кўлланма Т. ТДЮУ нашриёти, 2021.-172 6

4. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят кодексига шархлар. Умумий кисм/ М.Рустамбоев.-Тошкент:«Yuridik adabiyotlar publish»,2021.- 415 б.

5. Ўзгалар мулкини ўғрилик, талончилик ва босқиншилик билан талон-торож қилиш жиноят ишлари бўйича суд амалиёти тўғрисида Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг қарори, 30.04.1999 йилдаги 6-сон https://lex.uz/docs/1448644

6. Ўзбекистон Республикаси Жиноят қонунчилиги https://lex.uz/docs/111453 (Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси 03/24/911/0142-сон; 16.03.2024 й., 03/24/921/0219-сон)